NATIONAL IMMIGRATION LAW CENTER

Egzanp Demann pou Retire Sistèm Siveyans Elektwonik la

Avètisman: Egzanp resous sa a bay enfòmasyon jeneral pou moun ki fè fas ak detansyon ak ranfòsman imigrasyon. Se pa konsèy jiridik espesifik nan sitiyasyon ou. Nou rekòmande pou manm kominote a pran prekosyon epi pale ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans konsènan sitiyasyon pèsonèl yo.

Enstriksyon: ICE pral egzije kèk moun pou yo mete aparèy siveyans elektwonik nan cheviy yo oswa nan ponyèt yo, kòm yon pati nan pwogram "Altènatif a Detansyon" an. Nenpòt moun ki bezwen mande ICE pou retire aparèy siveyans elektwonik yo ka kopye epi itilize modèl demann sa a. Li te fèt espesyalman pou moun ki ansent. Al gade nan resous Konnen Dwa w pou plis detay.

Dat

Operasyon Ranfòsman ak Depòtasyon
Ekri Biwo Lokal ICE ki nan zòn kote w rete a. Pa egzanp, "New Orleans Field Office"
Biwo Imigrasyon ak Ladwàn Etazini
Depatman Sekirite Nasyonal

RE: #A ekri nimewo etranje w la (alien number) ki sou dokiman imigrasyon w yo – Demann pou Fè yo retire VeriWatch pou yon fanm ansent

Chè Ofisye,

M ap ekri pou m mande avèk respè pou yo retire VeriWatch mwen an. Mwen ansent. Mwen mete prèv gwosès mwen an ladan l.

Aparèy siveyans elektwonik 24 sou 24 la ap lakòz mwen **pwoblèm mantal ak fizik.** La a, mete kèk egzanp:

- *Egzanp- Enkyetid pou m asire m mont lan toujou chaje, oswa laperèz pou l pa deklanche pa aksidan, fè m rete anndan kay toutan, sof lè mwen gen randevou kay doktè. Enkyetid sa a ap fè tansyon m monte; se yon bagay mwen bezwen kontwole pandan gwosès mwen an, pou sekirite pa m ak pa pitit mwen an.*
- *Egzanp- Mwen santi m enkyè tou, epi m ap doute konsènan sa k pral rive lè mwen pral akouche. Mwen enkyete m doktè yo p ap konnen kisa pou yo fè ak mont lan si yo*

bezwen opere m oswa fè yon pwosedi espesyal. Akò mwen te siyen an avèti m mont lan gen leman ki pa mache byen avèk kèk lòt aparèy medikal. Mwen pè tou pou ajan ICE yo vin lopital la paske yo retire braslè a epi pou yo arete m nan lopital la.
- *Egzanp- Mont lan twò sere epi li fè m mal toutan. Pwa m ap chanje poutèt gwosès sa a epi li difisil pou m mete mont lan yon fason pou l byen chita.*

Si sa nesesè, mwen mande pou ICE transfere m nan yon lòt kalite siveyans, tankou itilize aplikasyon Smartlink la oswa fè rapò nan telefòn. Mwen konnen ICE te di nan tan pase a fanm ansent pa ta dwe fè pati siveyans elektwonik.

Mwen pa gen risk pou sove. *Isit la, bay rezon ki fè w ap respekte règ ICE yo pou w prezante w nan odyans ak randevou k ap vini yo, epi, si sa nesesè, pou w kite Etazini.*
- *Egzanp – Mwen gen lòt timoun piti, epi se mwen ki pran swen yo. Yo enskri nan yon lekòl lokal, e mwen pa t ap kite kominote nou an poutèt yo menm. Fanmi elaji m nan la tou, e mwen pa t ap kite yo.*
- *Egzanp- Gwosès mwen an egzije pou m rete kote m ye kounye a, yon fason pou m ka wè doktè m yo nan zòn nan.*
- *Egzanp- Avoka m nan ap travay sou dosye imigrasyon mwen an, e mwen ta renmen swiv li jous li bout.*

Finalman, mwen pa yon **danje pou kominote a**. *La a, Bay rezon ki fè ou pa yon moun ki pral fè piblik la oswa lòt moun nan lavi w mal.*
- *Egzanp- Mwen pa gen dosye kriminèl.*
- *Egzanp- Yo te anile dosye kriminèl mwen an oswa dosye kriminèl mwen an fini, epi mwen te swiv enstriksyon tribinal la konsènan nenpòt konsekans.*
- *Egzanp- Mwen pa kondui epi mwen pa reprezante yon danje sou wout la, oswa mwen pa janm fè aksidan machin epi nan eta kote m ye a, mwen gen dwa pou m jwenn yon lisans kondui.*

Si w bezwen plis prèv oswa dokiman pou pran desizyon w, tanpri fè m konnen. Mèsi dèske w li sa a.

Sensèman,
Ekri non w, nimewo telefòn ou, adrès, Ak yon imèl (si ou gen youn) pou resevwa yon repons.